



# Miami-Dade County Public Schools

giving our students the world

## Superintendent of Schools

Alberto M. Carvalho

## Miami-Dade County School Board

Perla Tabares Hantman, Chair

Dr. Steve Gallon III, Vice Chair

Dr. Dorothy Bendross-Mindingall

Susie V. Castillo

Dr. Lawrence S. Feldman

Dr. Martin Karp

Dr. Lubby Navarro

Dr. Marta Pérez

Mari Tere Rojas

28 fevriye 2020

Chè Paran/Gadyen:

“Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) kenbe angajman li pou l pwomote sante jeneral ak byennèt fizik elèv ak apliwaye li yo. Depi semèn ki sot pase yo, nou ap obsève avèk prekosyon rapò medya yo e suiv konsèy “Centers for Disease Control and Prevention (CDC)” (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi) ak Depatman Sante Florid konsènan “novel coronavirus COVID-19” (kowonaviris) la.

Daprè enfòmasyon ki pi resan ki soti nan CDC, virus la poko pwopaje aktyèlman Ozetazini, e yo pa rapòtè okenn ka maladi a nan Florid. Pandan pifò majorite moun ki abite Ozetazini pa gen gwo risk pou yo ekspoze ak maladi a, M-DCPS pran potansyèl menas la trè seryezman. Se pou tèt sa, nou bay pèsonèl ki nan andwa lekòl yo enstriksyon pou yo sèvi ak pwosedi ki etabli yo pou yo siveye deprè e rapòtè elèv ki gen sentòm tankou “flu” (gwo grip), e pou pase plis tan ap dezenfekte lekòl yo, nan konsantre patikilyèman sou biwo yo, laboratwa òdinatè, mi, mèb, manch pòt, ranp, ak fontèn dlo yo.

Nou ap ankouraje tout paran/gadyen pou yo ede nou nan minimize risk eksposizyon ak sentòm ‘flu’ a nan:

- Avize moun lakay ou pou lave men yo souvan avèk savon ak dlo pou yon minimòm 20 segond. Lè savon ak dlo pa disponib, itilize dezenfektan ki fèt ak alkòl kòm yon altènatif.
- Ede timoun piti yo lave men yo bien.
- Evite voye timoun ki malad lekòl.
- Kouvri tous ou ak estènye ou ak yon mouchwa papye fin, epi jete li nan fatra lè w fini, e lave men w imedyatman avèk savon ak dlo pou yon minimòm 20 segond.
- Evite kontak deprè avèk nenpòt moun ou wè ki gen sentòm grip oubyen ‘flu’ a.

Ou ka jwenn aksè tou sou yon varyete resous konsènan ‘coronavirus COVID-19’ M-DCPS mete disponib nan vizite <http://www.dadeschools.net/>. Pou plis enfòmasyon, silvouplè vizite <https://www.cdc.gov/> oubyen <http://www.floridahealth.gov/>.

Sensèman,



Alberto M. Carvalho  
Sipètentandan Lekòl yo

AMC:cb:sd  
L885